



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GANYAN 25 MILYON DOLA BIWO REJYONAL  
LWÈS NEW YORK EMPIRE STATE DEVELOPMENT LAN NAN KAD DEFI  
REJYONAL FEDERAL BUILD BACK BETTER A**

***Plan ki gáyan an pral ogmante mendèv avanse nan fabrikasyon, inovasyon ak  
enfrastrikti atravè ekosistèm rejyonal la.***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Rejyonal Lwès New York Empire State Development lan ki nan Eta New York te resevwa 25 milyon dola nan Defi Build Back Better (Rebati Pi Byen) federal la, ki se pwogram fa Administrasyon Developman Ekonomik Ameriken (U.S. Economic Development Administration) nan kad Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan) an. Defi Rejyonal Build Back Better a bay envèstisman transfòmatif pou devlope ak ranfòse gwoup endistri rejyonal yo atravè peyi a, pandan y ap anbrase ekite ekonomik, kreye travay ki byen peye, ak amelyore konpetitivite Etazini globalman. Aplikasyon ki gáyan nan Eta New York la pral devlope oswa monte manifakti avanse, devlope ak fòme mendèv jodi a, epi konstwi ekonomi fleksib pou lavni.

"Buffalo se yon gwo gáyan nan Defi Build Back Better Prezidan Biden lan, ki pral bay envèstisman ki pral demare sektè espesifik sible nan rejyon ki gáyan yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prim 25 milyon sa a pral finanse biznis atravè Buffalo, sa k ap ankouraje djòb ki pi byen peye ak kwasans ekonomik, ak antreprenarya inovan pou Buffalonyen yo. Felisitasyon pou kominate ki gáyan yo e mwen pa ka tann pou mwen wè yo mennen pwojè yo nan pwochen nivo a."

Biwo Rejyonal Lwès New York (Western New York Regional Office) ak Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Lwès New York (Western New York Regional Economic Development Council, WNY REDC) Empire State Development an patenarya ak Enstiti Rejonal University at Buffalo (University at Buffalo Regional Institute, UBRI) pral aplike pwopozisyon gáyan sa a ki gen ladann pwojè ki pral ogmante estrateji manifakti avanse ki egziste deja atravè pwojè ki pral estimile inovasyon, avanse developman mendèv enklizif, epi devlope enfrastrikti ki nesesè yo. Patnè ki te rekonpanse pa EDA gen ladan Buffalo Urban Development Corporation; Buffalo Manufacturing Works; ak Goodwill nan WNY.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare**, "Rejyon Lwès New York pral benefisyé envèstisman ki pote transfòmasyon ki pral devlope ak ranfòse gwoup endistri enpòtan yo. Konbine avèk fon konpansasyon Eta a yo, nou pral kapab fòme mendèv jodi a epi ranfòse ekonomi rejyon ki gáyan yo."

Twa pwojè yo finanse yo enkli:

- **Pwogram Teknoloji Fabrikasyon pou Antrepriz Piti & Mwayen/Buffalo Manufacturing Works**  
Pwojè sa a pral kreye yon sik inovasyon teknoloji pou jwenn aksè ak sipò pou simonte baryè ki genyen nan aplikasyon teknoloji ki pote siksè, ankaraje yon rejyon ki pi divèrsifye ekonomikman. Buffalo Manufacturing Works pral konstwi yon ekosistèm endistri 4.0 ki pwofite kat ane patenarya epi travay avèk SMM yo, ki gen ladan fòmasyon pratik pou ravayè ki an plas yo ak elèv segondè yo; entèraksyon ak fabrikan ekipman orijinal yo ak evènman rezotaj.
- **Batisè Karyè Goodskills/Goodwill of Western New York (Byenveyans nan Rejyon Lwès New York)**  
Nan travay an patenarya ak anplwayè ak fòmatè yo, Goodwill pral elaji karyè manifakti avanse sou ranp yo, konsantre sou moun ki pa reprezante yo ak kominote ki defavorize yo nan zòn iben ak riral yo. Batisè Karyè Good Skills pral deplase moun ki soti nan sou-anplwa rive nan karyè ak rekritman, evalyasyon, fòmasyon, plasman travay, retansyon ak sipò konplè.
- **Faz 3 Redevlopman Koridò Northland Ian/Buffalo Urban Development Corporation**  
Pwojè a pral kòmanse renove/retabli biling ki rete nan lakou lekòl la pou satisfè demann k ap grandi sou sit la nan sant manifakti avanse ki ap emèje sou Northland Avenue sou East Side Buffalo. Buffalo Urban Development Corporation pral re-devlope de gwo biling endistriyèl, konplete yon Mikwo-rezo Enèji Pwòp, epi amelyore enfrastrikti pou kreye espas ki kapab lwe pou manifakti lokal yo ak opòtinite fòmasyon mendèv; devlope nouvo travay/biznis; epi bay elektrisite nan yon pri ki ba nan kanpis la ak nan katye rezidansyèl awazinan Ian pou ankaraje devlopman ekitab nan yon kominote ki nan detrès.

**Senatè Chuck Schumer te deklare**, "Sa a se yon opòtinite inik ki ka transfòme eritaj Lwès New York kòm yon puisans endistriyèl nan yon nouvo sant manifakti ak teknoloji nasional avanse, ki pral pote travay ki byen peye ki soti lòt bò dlo epi fòme mendèv nou an pou benefisyé yon fason ekitab nouvo opòtinite sa yo. Prim 25 milyon dola ki chanje jwèt sa a, pou li menm nou remèsyé Prezidan Biden ak Sekretè Komès la Raimondo, pral ede revitalize East Buffalo epi montre rès peyi a sa mwen konnen depi

Iontan: Western New York kapab fondasyon pou avni manifakti avanse Etazini an. Mwen te obsève, koute ak kanalize vwa moun nan Lwès New York yo jiska Prezidan an — pou ede fè efò inogirasyon sa a pou elaji sipò pou piti ak mwayen fabrikan yo ak fòmasyon mendèv vin yon reyalite. Finansman pral asire kominote East Side la ak rejon Iwès New York la ap vanse nan efò pou ranfòse ak elaji manifakti avanse nan Etazini."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare**, "Finansman sa a reprezante yon envertisman enpòtan nan sektè fabrikasyon Lwès New York la epi li pral kreye travay ak opòtinite ekonomik nan East Buffalo. Jan mwen te ekri Sekretè Raimondo nan mwa mas la, finansman sa a pral envesti nan koridò manifakti avanse Lwès New York la, sipòt yon mendèv enklizif, epi bay enfrastrikti ki nesesè pou kwasans manifakti avanse kòm yon aspè nan ekonomi reyjonal la."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare**, "Rekonesans sibvansyon sa a pa Administrasyon Biden lan se afimasyon sa nou deja konnen: Lwès New York se lakay yon kantite òganizasyon ekselan ki gen ekspètiz pou ede bay novo opòtinite ekonomik ak kreye pwochen jenerasyon travay yo. Sibvansyon Defi Reyjonal Build Back Better ESD ki fè siksè a pral galvanize travay Goodwill nan Western New York, Buffalo Manufacturing Works, ak Buffalo Urban Development Corporation pou pwopilse novo karyè ak ti biznis yo."

**Henry Cialone, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EWI, te deklare**, "Buffalo Manufacturing Works ki opere pa EWI kontan anpil pou l fè pati ekip Lwès New York ki konsantre sou grandi sektè manifakti avanse atravè envertisman nan teknoloji inovan, devlopman mendèv, ak enfrastrikti. Sibvansyon Build Back Better a pral pèmèt nou sipòt bezwen ak kwasans piti ak mwayen fabrikan yo pandan y ap aplike teknoloji k ap emèje yo pou yo vin pi konpetitif sou yon echèl mondyal. Prim sa a pral sipòt davantaj vizyon oriijinal Empire State Development nan yon Koridò Fabrikasyon Northland k ap pwospere epi nou espere wè efò kolaborasyon sa a ap kontinye grandi."

**Batisè Karyè Goodskills/Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Goodwill of Western New York** "Nou kontan anpil pou nou pwofite finansman sa a pou elaji opòtinite epi prepare moun ki defavorize yo nan East Buffalo ak atravè Lwès New York pou karyè nan manifakti avanse."

**Prezidan BUDC a, Brandye Merriweather, ak Vis Prezidan Egzekitif BUDC la, Rebecca Gandour, te deklare**, "Rejyon Iwès New York la ak Buffalo Urban Development Corporation te byen pozisyone pou yo fè konpetisyon pou Defi Build Back a akòz vizyon estratejik Majistra Byron W. Brown, Prezidan BUDC, ak sipò fòmidab patnè reyjonal nou yo nan redvelopman Koridò Northland lan an yon sant manifakti avanse. Prim sa a rekonèt enpòtans fabrikasyon avanse jwe nan ekonomi reyjonal nou an epi li demonstre ke yon mendèv solid, envertisman nan enfrastrikti nou an, ak yon konsantrasyon sou inovasyon se kle nan yon avni ekonomik fleksib ak

dirab. BUDC fyè pou pote eleman sa yo ansanm nan East Buffalo, pou etabli davantaj Koridò Northland lan kòm sant pou kwasans ak opòtinite pou kominate lokal nou an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418